24 ... 1933 ... VIII

...

NESTLÉ

OBAT

KORRENGZAL

'OODS'

(KORREN

(PEPERMUNT CURE WOODS')

HT RUTE

[illegible] 24 [illegible] 1933 [illegible] VIII

[illegible]

[illegible]

[illegible] 50

[illegible] 3 [illegible]

[illegible] — [illegible]

[illegible]

[illegible] 1743 — [illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

I.

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

Sovjet Mansjoekoeo

Gemeenteraad

Dr. Sun Yat Sen Koeo Min Tang Sun Yat Sen Chang Khai Shek Nanking

[illegible]

[illegible] 50 [illegible]

[illegible] Mansjoekoeo [illegible] Sibéria [illegible] Mansjoekoeo [illegible]

[illegible] Sovjet [illegible] Pacific [illegible] Siberie [illegible]

[illegible]

[illegible] S. M.

[illegible]

[illegible]

| | | |

B. O. M. H. M. B. I.

2.

3. M. B. I.

4.

5.

[illegible]

49

219 [illegible]

220 [illegible]

221 [illegible]

222 [illegible]

223 [illegible]

224 [illegible]

225 [illegible]

226 [illegible]

231 ॥ [illegible] a : [illegible] ॥

232 ॥ [illegible] ॥

233 ॥ [illegible] ॥

234 ॥ [illegible] ॥

235 ॥ [illegible] ॥

236 ॥ [illegible] ॥

237 ॥ [illegible] ॥

238 ॥ [illegible] ॥

239 ॥ [illegible] a : [illegible] ॥

240 ॥ [illegible] ॥

॥ [illegible] ॥

241 ॥ [illegible] ॥



NGOBROL ING DINTEN SA

Bab djedjeripoen pakempalan-pakempalan

Kala dinten Saptoe ingkang kapengker koela sampoen ngobrolaken sawatawis menggah ingkang dados djedjeripoen pakempalan-pakempalan B(oedi) O(etama) poenapa déné P(artij) S(arékat) I(slam) I(ndonésia). Samangké badé koela ladjengaken obrolan koela ingkang boten ambedjadji poenika waoe.

Nalika saweg ramé-raménipoen pakempalan P.S.I.I. kaseboet inginggil, ing Semarang madeg pakempalan énggal, ingkang dipoen wastani: I(ndische) P(artij). Pakempalan énggal poenika oegi anggadahi antjas nedya angloehoeraken bangsa toewin tanah woetah rahipoen, namoeng ingkang dados dedasaripoen, dédé kabangsan, poenapa malih oegi dédé agami ingkang dipoen roengkebi, ananging djeboel tanah kelahiranipoen. Amila saladjengipoen ingkang katampi dados warganing pakempalan, inggih ladjeng kénging dipoen samèkaken kalijan: senéndjong godog. Tegesipoen: ingkang dados warga pakempalan waoe tjampoeran boten kanten-kantenan. Ingrikoe ingkang kanggé patokan: asal dipoen lahiraken wonten ing tanah India saha ngroemaosi tijang bangsa India alias Indiër, poenika inggih kénging-kénging kémawon loemebet dados warga. Ingriki boten preloe dipoen tjarijosaken malih pinten warni bangsa, ingkang wiwit roemijin mila dedoenoeng wonten ing tanah ngriki, ingkang toeroentoeroenipoen sampoen temtoe katah ingkang sami dipoen lahiraken wonten ingriki, malah katah kémawon ingkang djalaran saking salaki-rabi tjampoeran kalijan tijang ngriki, sipatipoen sampoen malih babarpisan, éwasamanten panganggepipoen dateng bangsa ingkang bakoe anggadahi siti, tansah: „Kowé doedoe sepadakoe, ngreti, akoe bangsa sing loewih moelja, hé." Amila ing kala samanten, sanadyan sawarnining bangsa ingkang wonten ingriki poenika sanjatanipoen anggèning gegajoetan kalijan tijang siti, ingkang katah² taksih naksanak, misan, boten-botenipoen inggih taksih mindowan, nanging pangrengkoehipoen dateng tetijang siti waoe inggih kados déné: toewan dateng djongos oetawi njonjah dateng baboenipoen.

Kotjapa, sareng pakempalan I. P. kaseboet nginggil saèstoe saged ngadeg, pangrengkoehipoen bangsa-bangsa dédé bangsa tijang siti, ingkang dipoen lahiraken wonten ingriki saha sami loemebet dados warga, dateng tijang siti sadjakipoen ladjeng malih. Semoenipoen tetijang siti ragi dipoe[illegible] kekempalanipoe[illegible] sanadyan dédé [illegible]arang-ba[illegible]ggih s[illegible] lahiripoen [illegible]ggih katingal soemedèrèk lan soe[illegible] Boektini[illegible], poenika manawi wonten ing salebetipo[illegible] parepa[illegible] lo, satoenggal lan satoenggaling warga njeboe[illegible]antjanipoen warga, oepaminipoen inggih: kameraa[illegible] (mitra) Willem oetawi broeder (sadoeloer) Kamidja, m[illegible]aten sapitoeroetipoen. Tjekakipoen ingkang katingal wonten ingrikoe inggih: tjotjok sama tjotjok, lan pangrengkoeh kados déné toewan dateng djongos oetawi njonjah dateng baboe waoe, sadjakipoen inggih sampoen dipoen overcompleet babarpisan.

Menggah tradjangipoen pakempalan I. P. waoe: keras, lan sadjakipoen pantjèn inggih kentjeng sajektos, ngantos adamel mirisipoen para ingkang wadjib angoelat-ngoelataken. Nanging kala samanten tradjang ingkang samanten kawontenanipoen waoe, semoenipoen dèrèng dawah mangsanipoen. Amila sandoenganipoen inggih wonten kémawon.

Inggih wiwit ing djaman I. P. poenika moela-boekanipoen politiek dipoen tengenaken déning pakempalan. Toemrap ing djaman samangké, tradjangipoen para warganing I. P. waoe mbokmanawi namoeng dipoen anggep limrah kémawon, nanging menggahing djaman samanten, waaah, inggih prasasat ambedah-mbedahna . . . . . pager sajektos. Amila ingkang sami dados pangadjenging pakempalan tansah linoet ing oelat-liring solah-tingkahipoen déning kaanggep moetawatosi toemrap katentreman oemoem. Nanging kala samanten tradjang ingkang makaten poenika ing kalahiran sadjakipoen boten patos dipoen temeni déning Paréntah. Éwansamanten sanadyan lalamoeking oedara katingal padang andjingglang boten katingal wonten soeremsoereming mendoeng babarpisan, djeboel boten wonten kabar-kabar roemijin, oedjoeg-oedjoeg kados déné soewaraning gelap séwoe sareng ngampar, ingkang ngantos adamel gondjinging bawana, inggih poenika: para panoentoening pakempalan tetiga: toewan-toewan Douwes Dekker, Dr. Tjipta Mangoenkoesoema lan Soewardi Soerjaningrat, ladjeng sami dipoen adjengaken ing pangadilan. Déné ingkang dados daroenanipoen para panoentoen tetiga waoe anggènipoen adamel serat sebaran ingkang moengel: „Jèn akoe dadi Walanda

ngoening oemoem.
a kalampahan para
ipoen linggaraken
atosipoen menggah
oen toempoek-toem-
nggep: badé ngrisak

ah tendi

ggui pa-
nggegirisi, sarta
ng dipoen tilar
et inginggil, teka
san: sapoe ilang
géan ageng pa-
wadjiban ingkang

sami gkebi ntos ngalentar.
awatawis ingkang taksih le toen poeroen
ngladjengaken dateng antjasing pakempa poen. Na-
nging badé gadah daja poenapa, rèhning sa pami ba-
ranga makatan kantoen satjoewil.

Kala samanten ingriki sampoen wonten pake alan malih, inggih poenika ingkang dipoen namakaken Insulinde. Menggah sanjatanipoen pakempalan énggal poenika pakempalaning para Walandi pranakan, ingkang ladjeng ngrangkoel dateng para warga lorodanipoen pakempalan I.P. kapoerih ngempal dados satoenggal kalijan pakempalanipoen, inggih poenika pakempalan Insulinde kaseboet inginggil. Ingkang makaten waoe oegi ladjeng saged kalampahan. Boten antawis dangoe malih pakempalan Insulinde waoe tjara saweripoen ladjeng amroengsoengi. Saladjengipoen anoeksma dateng pakempalan ingkang kawastanan: N(ationaal) I(ndische) P(artij).

Menggah tradjangipoen N.I.P. poenika inggih boten béda kalijan pakempalan ingkang sampoen-sampoen, lan warganipoen patjèn inggih sampoen katah sajektos. Nanging mbokmanawi pantjèn sampoen tinakdiraken ing Pangéran, bilih sawarnining bangsa ingkang dedoenoeng wonten ingriki poenika, sanadyan sami-sami dipoen lahiraken ing tanah ngriki, satoenggal lan satoenggalipoen boten saged sami tjotjog-tjinotjogan. Semoenipoen ngemoengaken manawi wonten ing salebeting parepatan kémawon saged roekoen lan goejoeb, sarta sadjak angakeni, sanadyan namanipoen taksih angganda mertéga oetawi kédjoe, oepaminipoen kémawon: Pieter van de Ketoepat, nanging sanjatanipoen taksih mambet² sanak kalijan poen: Kramantika. Nanging manawi wonten ing sadjawining parepatan inggih ladjeng „kowé², akoe ja akoe déwé." Amila boten antawis dangoe malih, pakempalan waoe inggih ladjeng bibar kadjengipoen pijambak, saha para warganipoen ladjeng sami sesowangan anggolong dateng golonganipoen pijambak².

Salebetipoen pakempalan-pakempalan ingkang sampoen katjarijosaken inginggil sami ambèbèr soewiwinipoen, inggih tansah toewoeh pakempalan-pakempalan énggal, inggih pakempalan ingkang ngoedi dateng kasocialan (kapreloeaning oemoem), poenapa déné pakempalan-pakempalan noenggil damel. Pakempalan ingkang ngoedi dateng kapreloeaning oemoem, oepaminipoen pakempalan: Pasoendan, ingkang ngemoengaken nampi tetijang bangsa Soenda dados warganipoen, déné pakempalan-pakempalan noenggil damel, kadosta: pakempalaning para goeroe, pakempalaning para poenggawa B.O.W. lan sasaminipoen.

In wekdal samanten saleresipoen ngambah dateng ékan poenika taksih dados awisaning Nagari. Déné wonten sawenèhing pakempalan ingkang adedasar politiek, dipoen lestantoenaken, poenika djalaran kabekta saking kawontenan-kawontenan ingkang gegajoetan kalijan wontenipoen Gemeenteraad. Nanging oemoemipoen kala samanten pakempalan² ingkang sami wonten ingriki waoe sami boten ngandoeng politiek.

Kotjapa, sareng ing taoen 1919 wewenang adamel pakempalan toewin parepatan dipoen akeni déning Paréntah, toewoehipoen pakempalan-pakempalan ingkang sami adedasar politiek sampoen kados djamoer kémawon, kadosta: Sarékat Sumatra, Sarékat Ambon, Sarékat Minahasa lan sapanoenggilanipoen. Dalasan pakempalan-pakempalan ingkang soewaoe paribasanipoen namoeng ngoedi dateng pangkoer lan patjakgoeloe, inggih ladjeng toemoet-toemoet ngambah dateng politiek. Makaten oegi tjakal-bakalipoen sadaja pakempalan, inggih poenika Boedi Oetama, ingkang soewaoenipoen namoeng ngoedi dateng kaeconomian, onderwijs, kaboedajan toewin kagoenan, saladjengipoen dados pakempalan politiek. Samanten oegi pakempalan Pasoendan lan sanès-sanèsipoen pakempalan malih.

Nanging ing kala samanten taksih djamanipoen tetijang sami anggolong dateng golonganipoen pijambak. Tegesipoen: tetijang bangsa Soenda ngempal bangsa Soenda, tijang Sumatra ngempal tijang Sumatra, tijang Ambon ngempal bangsa Ambon, makaten sapitoeroetipoen. Dalasan pakempalanipoen para Walandi kémawon, inggih meksa adamel golongan pijambak-pijambak. Kadosta para Walandi pranakan sami ngempal dados satoenggal wonten ing I(ndo) E(uropeesch) V(erbond).

Tjara ngawontenaken pakempalan-pakempalan ingkang sami katindakaken déning para tetijang ingriki kados ingkang katjarijosaken inginggil poenika, sampoen tamtoe boten saged santosa, djalaran satoenggal-satoenggaling pakempalan boten wandé inggih tansah djordjoran rebat oenggoel, ingkang andjalari noewoehaken pasoelajan kémawon, ingkang wekasanipoen namoeng adamel keplok dengkoel, kendangan bokong. . . . . ngrika kémawon. Ananging ingkang makaten waoe kasoemerepan déning para pangandjoering pakempalan. Sawenèhing para djedjendoel ladjeng mbangoen pakempalan énggal, ingkang antjasipoen amengani kori dateng bangsa-bangsa ingkang asli ngriki, nanging anoetoep boten amengani kori dateng bangsa mantja. Inggih poenika lahiripoen pakempalan P(artij) N(ationaal) I(ndonésia). Wiwit poenika toewoehipoen ada-ada ngitjalaken temboeng²: „Hindia-Nederland" toewin „Inlander" ladjeng kagantos „Indonésia" toewin „Indonésier."

Kados sampoen tjekap samanten roemijin. Dinten Saptoe badé kaladjengaken malih obrolanipoen poen

PENTOEL

KABAR WARNI-WARNI

PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR

TANAH NGRIKI.

Bab radja pedjah ing Wlingi. Toewan J. Kok ing Wlingi, ingkang kadakwa medjahi tijang nama Njimris, sampoen kapriksa wonten ngarsaning pangadilan, karampoenganipoen kaoekoem 12 taoen. Pasakitan appel, nanging karampoenganing pangadilan loehoer tetep boten éwah.

Tijang nglampahi dosa poenika wadjibipoen kedah nrimah.

R. R. Soenarti Sardjono. Ing Kadjawèn sampoen naté martosaken ingkang sami loeloes examen Stovit, sekolahan dokter oentoe ing Soerabaja. Inginggil poenika gambaripoen R. R. Soenarti Sardjono ingkang sampoen loeloes examen saha angsal diploma dokter oentoe. Dados poenika wanita tanah ngriki ingkang angsal diploma waoe.

Poetra Soerjèngalagan. Radèn Mas Abdoel Radjak, poetranipoen soewargi Goesti Soerjèngalaga, ingkang kakèndangaken dateng Menado, badé dateng tanah Djawi, perloe badé njoewoenaken indaking papantjènipoen poetra tetilaran Soerjèngalagan tjatjah 6, ingkang sawoelan namoeng angsal f 125.—.

Manawi bab poenika nama babagan koelit daging, kasembadan lan botenipoen goemantoeng ingkang wenang.

Tedaning goeroe Vorstenlanden. P(erikatan) P(erkoempoelan) G(oeroe) V(orstenlanden) mentas ngawontenaken parepatan wonten ing Prambanan, Soerakarta. Ingrikoe wonten reraosan, bilih goeroe-goeroe ing laladan Gondangwinangoen, blandjanipoen badé kasantoenan siti, toemrap goeroe 2 baoe, goeroe bantoe $1^1/_2$ baoe. Ing sapoenika blandjanipoen goeroe f 30,— mangka manawi kalintonan siti, pamedalipoen boten wonten samanten.

Pawartos poenika manawi njata, inggih memelas. Dados béda kalijan djaman roemijin, siti poenika gadah daja asrep, nanging toemrapipoen sapoenika angosokwangsoel.

Jaarbeurs ing Bandoeng. Jaarbeurs ing Bandoeng katingalipoen dipoen peng, tetingalanipoen katah, makaten oegi para sesadéan inggih katingal mempeng-mempeng.

Djaman awis arta, poenapa-poenapanipoen malah kedah sarwa ondjo. Awit manawi boten makaten, boten adamel panarik.

Koeboeran wakaf.
[illegible]iti, perloe ka[illegible]

Menggah [illegible]
dipoen ongkrèh-ó[illegible]

Tindak makaten[illegible]
inggih njata bilih t[illegible]

Dipoen tempoe[illegible]
ing Poerwosari, d[illegible]
toeng kadjeng ng[illegible]
mentas njaroe tetija[illegible]

Manawi kapara[illegible]ata makate[illegible]aoe in[illegible]
tijang getapan[illegible]moeng dipoen saroe kémawon tek[illegible]
makaten. K[illegible]wi manawi anggènipoen njaroe waoe mawi èm[illegible]
temboeng[illegible]kang damel moentabing manah.

Pr[illegible]ganda kominis. Poelisi ing Soerabaja mentas njepeng goer[illegible]bangsa Tionghoa 19 djaler èstri, kadjawi poenika ing Malang oeg[illegible]wonten ingkang dipoen tjepeng. Tetijang waoe sami kadakwa njebaraken serat-serat babagan kominis.

Teka tansah wonten kémawon.

Dipoen djemparing déning tijang Papoea. Kawartosaken, sersan Suatan, ingkang noedjoe ngepoeng grijanipoen bangsa Papoea ing Digoel, dipoen lepasi djemparing, angènginji baoenipoen, namoeng nandang tatoe sakedik.

Samanten toemindakipoen tijang badé ambélani gesang, ngantos soepé dateng genging bebajanipoen.

Arta kemlaratan. Wonten pawartos, djalaran saking rekaosing djaman, Paréntah badé ngawontenaken arta $^1/_4$ sèn, perloe badé kanggé njekapi kabetahan ing djaman kados makaten. Ing sapoenika saweg nindakaken papriksan kadospoendi menggah pikantoekipoen.

Menggah wos-wosipoen, manawi kabar poenika jektos lahiring arta $^1/_4$ sèn poenika ateges dados gegambaraning kemlaratan.

Babagan arta palsoe. Toewan O. Corper, pangagenging pakarjan babagan nanggoelangi arta palsoe, mentas apratéla dateng wawakiling J. B. ing bab kawontenanipoen arta palsoe, ing bab arta ringgit palsoe, poenika aslinipoen saking Swatow, makaten oegi arta kertas palsoe njadasa toewin njalawé roepiah, déné arta ingkang regi f 1000.— poenika saloegoe namoeng rékan asli goentingan saking kalawarti ladjeng katèmplèkaken. Toemrap arta njalawé ingkang palsoe, limrahipoen tjiri M. O. 19 December 1925, wonten oegi ingkang 12 October tjiri R. R. Déné toemrap arta ringgit palsoe waoe salakanipoen malah langkoeng saè tinimbang ingkang toelèn, panitikipoen: ragi boedeng toewin makoeta ragi boereng.

Babagan arta poenika pantes kawigatosaken, awit toemrapipoen djaman sapoenika, tijang kanggènan arta palsoe, poenika araos satoenggiling katjilakan.

Malebet kalangan djoernalis malih. Wonten pawartos, toewan Soetopo Wonobojo, ingkang roemijin naté ngemoedèni serat kabar Boedi Oetomo ingkang ladjeng nama Sedyatama, béndjing woelan ngadjeng poenika badé ngembani serat kabar Koemandang Rak'jat.

Ingrikoe tamtoe badé katingal tandinging damel énggal, moegi sageda notjogi kados pangadjeng-adjengipoen Koemandang Rak'jat.

Loterij. Loterij ingkang nembé kasadé badé kabikak wonten tanggal 26 woelan poenika, saladjengipoen badé njandak sadé loterij R. K. Weehsuis Semarang.

Wadoeh, déné rikat temen.

ngsaran Manila Show
adjawèn, ing sapoenika
eng Raad van Justitie
r, anggènipoen nglam-
5 km. nanging salebeti-

oenika bokmanawi ragi
lampahaken auto moegi

ing
nagari Walandi
onten kadjeng asli
sae, tjotjog dipoen
enika kadjeng besi.
kadjeng ing tanah

onten satoenggiling
Ingg. Davis, njin kawroeh ingkang
jan ringgit. Njonjah waoe badé nj babagan ringit,
oegi badé njinaoe bab andalang.

Poenika satoenggiling kamadjenganipoen bangsa K n, tamtoenipoen ing bab kasagedan waoe manawi dipoen bèbèr ten ing tanah ngrika inggih adamel tjingak. Nanging sarèhning wroeh adedasar raos, poenapa raosipoen oegi saged katoet?

Niti padjegipoen djoeroe potang. Inspecteur financien ing Ngajogja saweg toemindak niti pamedalipoen para djoeroe potang, amargi padjeging djoeroe potang waoe kakinten boten tjotjog kalijan njataning pamedalipoen. Menggah panitinipoen katindakaken sarana njatakaken dateng sawarnining poenggawa nagari, militèr dalah para pensioenan sapanoenggilanipoen, poenapa gadah samboetan dateng djoroe potang.

Tindak poenika manawi saged kasembadan, toemraping djoeroe potang inggih kirang sakétja. Nanging menggah limrahipoen, tijang njamboet poenika manawi noedjoe tjotjog, roemaketipoen kalijan ingkang njamboeti ngantos kados sadèrèk.

Bab soedan pènsioen. Ned. Ind. Pensioenbond mentas ngawontenaken parepatan, anggelengaken rembag atas namaning tijang pensioenan 5000, soepados njandèkaken soedaning pensioen. Panoewoen waoe badé kaatoeraken dateng pangarsaning Minister, Minister djadjahan, Goepernoer Djéndral, vice presidèn toewin para warga Raad India, pangarsa dalah para warga Raad Kawoela, toewin dateng Eerste toewin Tweede Kamer.

Wah, inggih mempeng sajèktos. Inggih sinten tijangipoen.

Militèr ing Tegal. Djalaran saking wontening pakèwed babagan soentikan pèst ing Tegal, ing sapoenika dipoen wonteni padjagèn militèr 100.

Moegi bab poenika andadosna djalaran toewoehing katentreman.

Bab prakawisipoen toewan Berkelie. Doemoegi sapoenika papriksan prakawisipoen toewan Berkelie ingkang kadakwa salingkoeh babagan arta ing Ngajogja, dèrèng rampoeng. Nanging mitoeroet papriksan, Paréntah soeka katrangan dateng papréntahan Kasoeltanan Ngajogja, bilih bab waoe Paréntah boten kedjibah soeka lelintoe kapitoenan ingkang dipoen salingkoehaken déning toewan Berkelie.

Poenika satoenggiling kapitoenan ing karadjan Djawi.

Standplaats toewin Ambstoelage badé itjal oetawi soeda. Kawartosaken wiwit bèndjing 1 Juli ngadjeng poenikan Standplaats toelage toemrap tanah Djawi badé dipoen soewak. Déné toemrap tanah Sabrang taksih katah ingkang angsal, nanging katah-katahipoen 5% lan boten langkoeng saking f 25.—. Toemrap ambstoelage, ingkang roemijin 70% badé kantoen 40%, ingkang roemijin 40% namoeng kantoen 20%.

Ewahing djaman.

Medal satoenggal mlebet 33. Pangarsa P. S. I. I. ingkang wonten ing pakoendjaran, djalaran kalepatan dar patan tanpa palilah, nalika loewar dipoen papag ing tijar, poen èngetaken ing poelisi boten kènging. Wasana ka paprakwis, sadaja sami kadenda ngalihdasa roepijah, oetawi ka 3 minggoe. Sadaja sami milih kakoendjara.

Manawi adji tjandabirawa mati sidji toekoel sapoeloeh, no pengon, balik kados makaten, inggih namoeng toemandja enging djaman.

Manggih bènsin wonten pasisir. Ing pasisir Madoera sisih lèr toewin ing Sapoedi lan Kangèan, pinaggih wonten bènsin 9 blèg. Ing sapoenika saweg kaoedi, pinangkanipoen saking poendi.

Babagan kados makaten poenika ladjeng noewoehaken gagasan pandjang, poenapa djalaran saking kadoerdjanan poenapa kados poedi.

Postwissel tanpa dipoen tandani tangan. Ing sapoenika wonten tatanan énggal, poenggawa pos manawi nampèkaken postwissel boten oesah mawi nandatangani ing boekoe, amargi kamanah boten wonten damelipoen. Tindak makaten poenika, pakarjan pos badé saged ngirid waragad f 10.000.— ing dalem sataoen.

Lo, teka inggih boten sakedik.

Bab arta palsoe. Ing bab arta palsoe ingkang anggajoet dateng bangsa Tionghoa ing Ngajogja, sapoenika wonten katrangan malih oegi anggajoet satoenggiling loerah doesoen ing bawah Imagiri, katjarijosaken, ing bab babagan arta palsoe waoe sampoen soemebar sanget.

Soekoer déné ladjeng kasoemerepan.

AMERIKA.

Amerika mewahi kapal Perang. Wonten pawartos, Amerika badé damel kapal perang 32, waragadipoen 228.000.000 dollar, kadjawi poenika President Roosevelt oegi sampoen nglilani sedija arta 9.362.000 dollar, kanggé jasa mesin maboer.

NAGARI WALANDI.

Doktor kasoesastran Prantjis. Nonah S. W. Holsboer, bangsa Walandi, loeloes dados doktor babagan kasoesastran Prantjis. Nonah waoe kagambar nalika tetabikan kalijan Prof. Dr. Custave Cohen, inggih poenika Prof. ingkang ambotohi.

[illegible]

[illegible] 48

[illegible]

P. L. P.

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible] f 0.30 [illegible]



SABOEN TOILET LUX

LEVER BROTHERS LIMITED, PORT SUNLIGHT, NEGERI INGGRIS

X-LTS 221-288 MA

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]	0.40
[illegible]	f 0.30
[illegible]	,, 0.40
[illegible]	,, 0.95
[illegible]	,, 0.20
[illegible]	,, 0.60
[illegible]	,, 0.50
[illegible]	,, 0.20
[illegible]	,, 0.24
[illegible]	,, 0.40

[illegible]